# DENE TÁRBIYASÍ SABAǴÍNDA GÚRES SPORT TÚRINIŃ XALÍQ-ARALÍQ DÁREJESINE KÓTERILIW TARÍYXÍN ÚYRENIW

***Urazov R.D.***
*NMPI Dene-tárbiya teoriyasi hám metodikası kafedrası assistent-oqıtiwshısı*

**Tayanch so'zlar:** ta'lim, kurash qoidalari, pedagogik tayyorgarlik, tahlil, harakatlar, Vatan, milliy sport, milliy g'urur, mamlakat g'ariblari, ta'lim, sport musobaqalari, g'olib.

**Ключевые слова:** воспитание, правила борьбы, педагогическая подготовка, анализ, действия, Родина, национальный спорт, национальная гордость, зияне страны, воспитание, спортивные соревнования, победитель.

**Key words:** education, rules of wrestling, pedagogical training, analysis, actions, Motherland, national sport, national pride, zıyane of the country, education, sports competitions, winner.

Ullı babalarımız bárinen burın teǵ salamatlılıqtı saqlaw, fizikalıq tárepten kúshli bolıw, uzaq ómir kóriw hám olar menen baylanıslı bolǵan social – ekonomikalıq hám de ulıwma mádeniy processlerge itibar menen qarawdı, jetkensheklerdi bárkamal, saw-salamat etip tárbiyalawdı ózleriniń tiykarǵi maqsetleriniń biri sipatinda qarap kelgen.

Abu Ali Ibn Sinanıń ilimiy miyraslarında, insandı tuwılǵanınan baslap hám onnan keyingi ómiri dawamında kútiniw, dene tárbiyası menen shınıǵıw jolları haqqında anıq kórsetip berilgen. Bunday processlerdi dawam ettiriw hám ómirde ámeliy tárepten paydalanıwda házirgi dáwirde pedagogika, anatomiya, fiziologiya, gigiyena, dene tárbiyası pánleri xızmet kórsetip kelmekte.

Ótmishte jasap ótken babalarımızdıń ibratlı ómir jolları hám iskerligi hár tárepleme milliy qádiriyatlarımızdı anıq kórsetip bere alǵan biybaha ǵáziyne sanaladı. Tálim – tárbiyanı milliy hám ulıwma insaniylıq qádiriyatlar menen birgelikte alıp barıwı, onı jáhán standartları dárejesine shekem jetkeriw boyınsha mámleketimiz tálim sistemasında dıqqatqa ılayıq jumıslar ámelge asırıldı hám bul protsess dawam etpekte.

Ózbekstan Respublikası qabıl etken “Tálim haqqında”ǵı nızam hám “Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması”da bárkamal áwladtı tárbiyalawdıń tiykarları sáwlelendirilgen bolıp, tálim hám tárbiyada milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlardı jámlestirgen halda alıp barıw nátiyjesin bárkamal áwlad tárbiyasında kóriw múmkin.

Sport hám qádiriyatlar balalardı tárbiyalawda salamat hám bárkamal áwlad, kámil insan tárbiyasınıń áhmiyetli faktorlarınan biri bolıp esaplanadı.

Gúres sport túriniń kelip shıǵıwı tariyxına názer salsaq, eń dáslep sport oyınlarınan biri esaplanǵan gúres 3,5 – 5 mıń jıl burın payda bola baslaǵan.

Xalıq awızeki dóretpelerinen “Edige”, “Alpamıs”, “Góroǵlı”, “Qoblan” sıyaqlı dastanlarda sonday-aq ullı oyshıllardan Abu Ali Ibn Sinanıń “Kitap al-qonun fit tib” (Tib qonuniyatları), Ferdawsiydıń “Shaxnama”sı, Ámir Temurdıń “Temur tuzukleri”, Alisher Nawayınıń “Hamsa”, Zahiriddin Muhammed Baburdıń “Baburnama” shıǵarmalarında gúres haqqında oniń bárkamal áwlad tárbiyasına tásiri haqqında maǵlıwmatlar berilgen.

Gúres – sport túri, belgilengen qaǵıydaǵa muwapıq eki sportshınıń jekpe-jek gúresiwi. Gúresiw kórkem óneri kóp xalıqlarda áyyemgi zamanlardan berli málim. Gúres ásirese Áyyemgi Greciyada keń tarqalıp, áyyemgi olimpiyada jarıslarında belgili orınǵa iye bolǵan. Milliy gúrestiń hár túrli kórinisleri Greciya, Italiya, Yaponiya, Turkiya, Iran, Awǵanıstan, Rossiya, Ózbekstan, Gruziya, Armeniya, Azerbayjan, Qazaqstan hám basqa mámleketlerde keńnen rawajlanǵan.

Palwanlıqtıń ámeliy – ilajları, adamdı óz-ózinen kámillikke jetekleydi. Gúres xalqımiz benen birge tuwılıp, birge jasap kiyatırǵan bolsa, al hazirgi waqitta xalqımız sol gúresti jeti jurtqa tanitti.

1991 jılda gúresshiler dinastiyası wákili, bir neshe ret Gúres túrleri boyınsha xalıq aralıq standartlarǵa juwap beretuǵın tómendegi qaǵıydalardı islep shıqtı:

Gúresiwshiler 14 x14 m den 16 x16 m ge shekem bolǵan, shetki tárepleri qızıl reńli “qáwipli sızıq” penen belgilengen kók-jasıl reńli gúres gileminde tik turǵan jaǵdayda gúresetuǵın boldı. Jeńimpaz isletilgen usıllar hám maydandaǵı is-háreketlerine qoyılatuǵın bahalarǵa qaray anıqlanadı. Gúreste tunshıqtırıw, qarsılasına awırıw beretuǵın usıllar qollawǵa ruxsat etilmeydi, gúresiwshilerdiń biri kók, ekinshisi jasıl reńli kiyim (yaktak) (áyeller yaktak ishinen aq reńli futbolka) kiyedi, belge eni 4-5 sm.li qayıs (belbog’) baylanadı, erkekler 60, 66, 73, 81, 90, 100 kg hám 100 kg den zıyat, áyeller 48, 57, 63, 70, 78, hám 78 kg den zıyat salmaq taypalarında gúresedi (balalar, óspirimler, jası ullılar hám qızlar jarıslarında da jas ózgesheliklerileri esapqa alınǵan halda salmaq taypaları belgilenedi). Xalıq aralıq gúres assotsiatsiyasi (IKA) nıń 2003

jıl Tashkentte ótken kongressi hár bir ushırasıwdıń qızǵın bolıwın támiyinlew maqsetinde rásmiy jarıslarda bellesiw waqtın 3 minut etip belgiledi.

Gúres sport túrining salamat áwlad tárbiyasında, atap aytqanda, mámleketti qorǵaw qúdiretin bekkemlewde, áskeriy kórkem ónerdi rawajlanıwlandırıp barıwda da salmaǵı joqarı. Gúres milletti hám sol millet balaların batırlıqqa tárbiyalaytuǵın tariyxıy qádiriyatlardan biri bolip esaplanadı.

Dúnya júzlik gúres sportı jankúyerleriniń tınımsız miyneti, kóplep izertlewi hám umtılıw-háreketleri nátiyjesiz ketpedi. 1998-jıldıń 6-sentyabr sánesi gúrestiń bir neshshe mıń jıllıq tariyx betlerine dúńya júzilik waqıya júz bergen kún retinde altın hárpler menen jazıldı. Óytkeni "Latin Amerikası, Evropa hám Aziya kontinentiniń 28 mámleket wákilleri ilajları haqqında"ǵı qararı qabıl etildi. Qararda gúresti jáne de rawajlandırıw boyınsha kompleks ilajlar programması islep shıǵıwdı tastıyıqlaw názerde tutılǵan edi [5]. Ásirler sınawınan, quramalı dáwirler dizbeginen mártlershe óte alǵan, haqıyqıy mártler, múnásip qarsılaslar, iygilikli niyetler, joqarı maqsetler tımsalı bolıp tán alınǵan gúres jáne xalıq názerine tústi. Planetamızdıń túrli kontinentlerinde jasawshı xalıqlar, elatlar gúrestiń ózine tartatuǵınına, onıń adamgershilik, bawrıkeńlik tárbiyasına tán berip, ardaqlı sport túri retinde qabıl etti.

Gúres, túrli milletlerdi bir-birine birlestiriwde, jaslardi awizbirshilikli, adamgershilikli, miynetkesh etip tárbiyalawdin qurali bolip esaplanadi hám qádirlenedi.

Juwmaq ornında ayrıqsha usını atap ótiw lazım, tálim-tárbiya sistemasındaǵı eń áhmiyetli jónelis bul milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlar ústinligi bolıp tabıladı. Bul keleshek áwladqa bay materiallıq miyraslar qaldırıw, mıńlaǵan jıllar dawamında qáliplesken dástúrler tiykarında tálim tárbiya beriw bolıp tabıladı. Sol tárepten alıp qaralǵanda jurtımız xalqınıń kópshilik bólimin quraytuǵın jaslardı, sonıń ishinde bárkámal áwlad wákillerin mámleketimiz keleshegin belgilep beretuǵın jetekshi kúsh retinde tárbiyalaw búgingi kúnniń aktual máselelerinen biri esaplanadı.

Sol sebepli balalar hám óspirimler sport mekteplerindegi tayarlıq shınıǵıwları, ulıwma orta bilim beriw mekteplerindegi sport sektsiyalari oqıw protsesiniń ajıralmaytuǵın bólegi esaplanadı, olardıń fizikalıq mádeniyatın dene tárbiyası sabaqlarında qáliplestiriw, oqıw jıllarında iyelegen kónlikpeleri mamanlıǵın asırıw hám kónlikpelerdi ámeliy qollaw, joqarı dárejeli sportshılardı tayarlawda pedagogikalıq uqıptı asırıw búgúngi zamanagóy turmıs talabı bolıp tabıladı.

**Ádebiyatlar:**

1. Abu Ali Ibn Sino. Tib qonunlari /10. II tom, úshinshi basılıwı. –T: Abu Ali Ibn Sino atındaǵı medicina baspası. 1996 j. 367 bet.
2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Tálim-tárbiya hám kadrlar tayyorlash sistemasini tubdan isloh qilish, barkamol avlodni voyaga yetkazish haqida"gi 1997 jıl 6 oktyabrdegi № 1869 - sanlı Pármanı.
3. Ózbekiston milliy entsiklopediyası K-xarfi ziyouz/com/kutubxonasi. 793-bet.
4. http://sport. zıyanet. uz/uzc/kinds/64.
5. Axmedov F. Abdulaxatov A. Ózbek gúresi milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlar eń jaqsı ǵáziynesi. «Ádabiyot uchqunlari»-T.:2017, 128 B. 4 bet.

**РЕЗЮМЕ**

Maqolada xalqaro kurash qoidalariga oid murabbiy va oʻqituvchilarning fikrlari tahlil qilingan, pedagogik imkoniyatlar oʻrganilgan, bolalarning insoniy fazilatlari namoyon boʻladi, pedagogikaning ta'lim-tarbiya jarayonida tutgan oʻrni koʻrib chiqiladi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются взгляды тренеров и учителей на международные правила борьбы, исследуются педагогические возможности, демонстрируются человеческие качества детей, рассматривается роль педагогики в образовательном процессе.

**SUMMARY**

The article analyzes the views of trainers and teachers az waqıt the international rules of wrestling, explores pedagogical possibilities, demonstrates the human qualities of children, and examines the role of pedagogy ın the education process.